

Frè ki disponib pou transkripsyon an jan li regle pa Divizyon an. Frè ki prèskri konsa p ap depase swasannsenk santim (65) pa paj oswa swasannsenk dola (\$65.00) pa transkripsyon. Divizyon an, pa règleman, kapab prevw, taks la renonse nan sikonstans selon pwòp diskresyon 1 ki sanble awopriye, men nan ka yon apèl nan *forma pauperis* sipòte pa prèv ki egzije nan G.S. 1-110, Divizyon an renonse avèk frè yo.

Pati yo kapab antre nan yon rezolisyón fè. Si abit apèl la, rèsponsab odyans lan oswa yon lòt anplwaye ki gen tach pou pran desizyon an kwè rezolisyón an bay ase enfòmasyon pou pran yon desizyon, pandan abit apèl, rèsponsab odyans, oswa lòt yo ki te tach pou pran desizyon kapab kapab aksèpte rezolisyón an epi bay yon lòt desizyon ki baze sou rezolisyón an. Si abit apèl la, rèsponsab odyans lan, oswa yon lòt anplwaye ki te genyen kòm tach pou pran desizyon kapab rejete rezolisyón an. Desizyon pou aksèpte oswa rejete dwe rive fèt nan yon odyans ki anrejistre.

(g) Frè pou Temwen. — temwen ki resevwa sitasyon an, an konfòmite avèk seksyon sa pral dwe akòde frè nan yon pouvantaj ki fikse pa Divizyon an. Yon frè konsa avèk tout depans pou pwoesis ki enkli demann k ap diskite a pral dwe konsidere kòm yon pati nan depans administrasyon nan chapit sa.

(h) Egzamen Jidisyè. Tout desizyon Divizyon an, nan absans egzamen jidisyè a jan li eksplike nan dokiman sa te founi, oswa nan absans yon pati ki enterese ki te depoze yon demann pou rekonsiderasyon, pral vin definitif nan 30 jou aprè dat notifikasyon oswa dat li te voye pa lapòs la, pi bonè posib. Yon Egzamen Jidisyè pral akòde sèlman aprè yon pati ki te deklare blese pa desizyon an te epize rekou li yo devan Divizyon an nan chapit sa epi te depoze yon petisyon pou egzamen nan kou siperyè kanton an kote 1 rezide a oswa genyen espas prensipal biznis li an. Petisyon pou egzamen an pral deklare avèk plis eksplikasyon ki eksepsyon k ap konsidere pou desizyon an oswa pwosedi Divizyon an epi ki èd moun ki te depoze petisyon an ap chèche. Nan delè 10 jou aprè petisyon an te depoze nan kou a, moun nan ki te fè depozisyon an pral voye kopi petisyon an pa sèvis pèsonèl oswa pa adrès lapòs ki sètifye, yon akize resepsyon egzije, sou Divizyon an epi sou tout pati rejis yo nan pwosedi Divizyon an. Non avèk adrès pati yo pral founi pa moun ki te fè petisyon an sou demann. Divizyon an pral konsidere kòm yon pati pou nenpòt aksyon jidisyè ki enkli tout desizyon epi kapab reprezante nan kasyon jidisyè a pa nenpòt avoka kalifye ki te dezinye pa Divizyon an pou objèktif sa. Tout kesyon ki konsène rekòmandasyon seksyon sa ki pale sou sèvis la oswa depozisyon yon petisyon pral dwe detèmine pa kou siperyè a. Tout pati pwosedi divizyon an kapab vin yon pati pwosedi egzamen an pandan 1 ap efòme kou a nan 10 jou aprè resi kopi petisyon an. Nenpòt moun ki pa kontan kapab depoze yon petisyon pou vin yon pati pandan 1 ap depoze yon mosyon pou entèvni jan li founi nan

## G.S. 1A-1, Règ 24.

Nan delè 45 jou aprè resi kopi petisyon pou egzamen an oswa nan yon tan adisyonèl konsa jan kou a kapab pèmèt li an, Divizyon an pral trasmèt nan kou ki fè egzamen an orijinal oswa yon kopi sètifye tout pwosesis dosye a pou egzamen. Avèk pèmisyon kou a, rejis yo kapab vin pi kout pa rezolisyon pati yo pou pwosesis egzamen yo. Tout pati ki refize pou espesifye pou limite rejis la kapab resevwa taks pa kou a pou frè adisyonèl tankou li te okazyone pa rejè a. Kou a kapab egzije oswa akòde lòt korèksyon oswa ajoute nan rejis la lòske li ta sanble nesesè.

(i) **Pwosesis Revizyon** — **S i** yon petisyon ki te depoze alè pou egzamen te depoze epi voye jan li founi nan G.S. 96-15(h), kou a kapab fè pati k ap defann nan oswa nenpòt lòt pati li jije nesesè oswa kòrèk pou yon rezolisyon nòmal epi jis nan ka a. Divizyon an kapab, nan pwòp diskresyon 1, sètifye kou k ap fè revizyon kesyon lalwa ki enplike nan nenpòt desizyon. Nan tout pwosesis jidisyè selon seksyon sa, konstatasyon fè pa Divizyon an, si genyen prèv konpetan pou sipòte yo epi nan absans fwod, li ta dwe definitif, epi jiridisyon kou a pral dwe limite avèk kesyon lwa yo. Yon aksyon konsa avèk kesyon ki sètifye yo ta dwe tande nan yon brèf fason epi pral dwe bay priyorite sou tout ka sivil yo. Yon apèl kapab depoze sou jijman kou siperyè a, jan li founi nan ka sivil yo. Divizyon an pral dwe genyen dwa apèl nan Divizyon apèl la de yon desizyon oswa yon jijman kou siperyè a, epi nan ka sa, li pral konsidere kòm yon pati pèdan. Okenn lyezon pa pral egzije de Divizyon an sou apèl. Sou rezolisyon final ka a oswa pwosedi a, Divizyon an pral emèt yon lòd annakò avèk rezolisyon an. Lòske yon apèl te antre nan nenpòt jijman, lòd, oswa desizyon kou a pi ba, okenn alokasyon p ap peye nan atant yon rezolisyon definif koz la, eksepte nan ka sa yo kote desizyon final divizyon an kote li akòde alokasyon yo.

(j) Modifye pa Sesyon Lwa 1985, c. 197, s. 9.

(k) Nan yon fason endependan de tout dispozisyon Chapit sa, Divizyon a kapab adopte règleman minimal ki nesesè pou founi pèman alokasyon moun yo rapidman lòske li dwe fèt la jan li egzije pa seksyon 303(a)(l) nan Lwa Sekirite Sosyal la jan li amande a nan (42 U.S.C.A., seksyon 503(a)(l)).

## Istwa.

|  |   |
|--|---|
| Ex.Sess.1936,c.1,s.6; 1937,c.150;c.448, s.4; 1941, c. 108, s. 5; 1943, c. 377, ss. 9, 10; 1945, c. 522, ss. 30-32; 1947, c. 326, s.23;1951,c.332,s.15; 1953,c.401, s.19;1959,c.362,ss.16,17;1961,c.454, s.21; 1965,c. 795,ss. 20-22; 1969,c.575, | ss.13,14;1971,c.673,ss.30,30.1;1977, c.727,s. 54; 1981,c.160,ss.27-32; 1983, c.625,ss.10-14; 1985,c.197,s.9;c.552, ss.18-20; 1987 Reg. Sess., 1988)c.999, s.6; 1989,c. 583,ss.11,12;c. 707,s. 4; 1991,c. 723,ss.1,2; 1993,c. 343,ss. 4,5; 1999-340, ss. 6, 7; 2004-124, s. 13.7B ¢; |
|--|---|